84(5Qaq)
D A-56

# Alti'n shaqli' kiyik



NO'KIS
«BILIM»
2014

# TU'LKI MENEN BO'DENE

Bir bar yeken, bir joq yeken, buri'ng'i' wo'tken zamanda bo'dene ha'm tu'lki bolg'an yeken. Joli' dus kelip, yekewi joldas boli'pti'. Jol qi'sqarsi'n dep yekewi qi'zg'i'n a'n'gimege kirisipti.

Tu'lki quyri'g'i'n tawlap taslap:

— Bo'denejan, ash boldi'q g'oy, bir ilaji'n ko'rsek qa'ytedi? — deydi.

Bo'dene:

— Boladi' Tu'ke, jo'nekey birneme ko'rermiz-da'.

Tu'lki menen bo'dene jol boyi' jegendey jemek gezlespes pe yeken degendey ja'n-jag'i'na qarani'p kiyati'rsa, baslari'na jaymaq ko'terip bir jaqqa ketip barati'rg'an hayallardi' ko'redi. Bo'dene bu'lk yetipti. Tu'lki de da'rriw su'zile qali'pti'.

Bo'dene da'rhal ushi'p bari'p hayallardi'n' aldi'na tomp yetip tu'sipti. Wol sol qoni'wi' boyi' jol menen jorg'alay beripti. Hayallar bo'deneni uslamaqshi' boli'p japa-tarmag'ay umti'li'pti'. Wolar dasturqanlari'n jerge qoya sala, bo'deneni quwa jo'neledi. Bo'dene de a'ste-a'ste jorg'alapti' da woti'ri'pti'. Hayallar bo'deneni quwa baslawdan tu'lki dasturqandag'i' tamaqlardi' bir shetinen jey beripti, jey beripti.

Hayallar bo'deneni tuta almay dasturqani'na qayti'p kelse, ishinde na'wiye hesh na'rse joq, barli'g'i' da ada boli'pti'. «Wah» dep qali'pti'.

Bo'dene sol jorg'alawi' menen biraz uzap ketip, yendi tu'lkini izlep taba almay ju'rse, woni'n' jol shetindegi bir toran'g'i'ldi'n' tu'binde shalqasi'nan tu'sip jati'rg'ani'n ko're sala:

— Ha, Tu'ke, qalaysan', toydi'n' ba? — depti wog'an.

Sonda tu'lki:

— Way, bo'denesi bar bolg'i'r-ey, toydi'r degende, usi'nshama toydi'r, — dep pe yedim. Tas bolmasa, qarni'm tarsa jari'li'p kete jazladi' g'oy, — depti.





Tu'lki menen bo'dene ja'ne jolg'a tu'sip ketipti. Bir jerlerge kelgende tu'lki:

— Bo'denejan, tamaq bolsa toydi', waqti'mi'z yele barshi'li'q, yendi bir ha'z yetip ku'ldirsen',— depti.

Bo'dene:

— Boladi', Tu'ke, seni ha's ishek-silen' qatqansha ku'ldireyin, — depti.

Yekewi ju'rip kiyati'ri'p, bir awi'lg'a kelipti. Awi'ldi'n' shetindegi qarashalaw u'ydin' qasi'nda ka'ywani' kempirdin' si'yi'r sawi'p woti'rg'ani'n ko'ripti.

— Tu'ke, sen usi' putani'n' tu'binde bug'i'p jat, — deydi bo'dene tu'lkige.

Tu'lki bo'denenin' aytqani'n islew ushi'n bug'i'p jatsa da, yeki ko'zin bo'deneden ayi'rmaydi'. Bo'dene jorg'alap bari'p kempirdin' basi'na qoni'pti'. Kempir uslayi'n degende, bo'dene pi'r-r yetip ushi'p ketipti. Birti'ma wo'tpey tag'i' aylani'p kelip qonadi'. Kempir uslayi'n degende tag'i' da pi'r-r yetedi. Yen' aqi'ri'nda kempir:

— Bo'dene, ha', bo'dene! — dep baqi'radi'.

U'yden g'arri' juwi'ri'p shi'g'adi'. Kempir si'yi'ri'n sawa baslag'anda bo'dene tag'i' da kempirdin' basi'na bari'p qonadi'. Kempirdin' basi'na bo'denenin' qong'ani'n ko're sali'p g'arri'si':

— Kempir, ha, kempir, hesh qozg'alma, — dep baqi'radi'.

Wo'zi u'yge qayti'p kiredi de su'yewli turg'an beldi ali'p kelip, ayag'i'n aqi'ri'n-aqi'ri'n basi'p kempirge jaqi'nlasadi'. — Seni uri'p g'ana alayi'n, — dep, beldin' sabi'nan uslap, woni'n' basi' menen kerilip turi'p sali'p qaladi'. Bo'dene pi'r-r yetip ushadi' da ketedi. Al, kempir bolsa, si'lq yetip qulaydi'.

Yendi g'arri' bo'denenin' izine tu'sedi. Bo'dene bug'i'p jati'rg'an tu'lkinin' qasi'na kelse, tu'lkinin' ishek-silesi qati'p, jer ti'rmalap ku'lip woti'rg'ani'n ko'redi. Bo'dene:

— Usi', sag'an ne bolg'an? — deydi.

Tu'lki:

— Ne bolsi'n, ku'ldir degende, usi'lay ku'ldir dep pe yedim, — deydi tu'lki.

— Babay keldi, qash! — deydi bo'dene.



G'arri' jaqi'nlasqanda tu'lki menen bo'dene tura qashi'pti'. Wolar joldi' dawam yetipti. Jolda kiyati'ri'p tu'lki:

Bo'denejan, tamaq ta toydi', qi'zi'qti' da ko'rdik, yendi bir qorqi'tsan' qa'ytedi? — deydi.

— Boladi', Tu'ke, ju're ber, jolda ko'rermiz, — deydi bo'dene.

Yekewi ju'rip kele beredi, ju'rip kele beredi, bir jerlerge kelgende:

—Tu'ke, yendi menin' quyri'g'i'mnan tisle de, ko'zin'di tarsa jum,so'yt te izime yerip ju're ber,— deydi bo'dene.

Tu'lki solay isleydi, bo'dene ushi'p woti'radi', tu'lki yelpildep juwi'ri'p woti'radi'. Bir jerlerge kelgende bo'dene awi'ldi'n' si'rti'ndag'i' ken' maydanda toyg'a ji'ynali'p gu'res tutti'ri'p ati'rg'an alamandi' ko'redi. Bo'dene tuppa-tuwri' sol toydi'n' wortasi'na baradi'. Ji'ynalg'an jurt:

— Haw, anani' qaran', wa!?

— Tu'lki!

— Bo'dene!

— Qi'zi'qti' qara!

— Usla!

— Tut!

— Quw!

— Jet!

— Jazdi'rma!, — dep baqi'ri'sadi'.

Bo'dene tu'lkige:

— Ko'zin'di ash, — deydi.

Tu'lki ko'zin ashsa, ja'n-jag'i'nan qaplap kiyati'rg'an adamlardi' ko'redi. Bo'dene:

— Qash! — deydi de wo'zi pi'ri'ldap ushi'p ketedi.

Tu'lki wo'ldim-taldi'm degende quti'li'p bir jerlerge kelip woti'rsa, qasi'na bo'dene de keledi. Tu'lki mun'ayi'p woti'ra berdi.

Bo'dene:

— Haw Tu'ke, ne boldi'? — dep soraydi'.

— Ne bolsi'n tu'we, qorqi't degende usi'nshelli qorqi't dep pe yedim, — deydi ji'lamsi'rap. Ha'm wol wo'zine kelgennen keyin:

— Ha', bir seni g'ana jep qoyayi'n, — dep, bo'denege ta'p berdi. Bo'denege awi'z sala bergende, bo'dene de pi'r-r yetip jerden ko'terile berdi, biraq quyri'g'i' tu'lkinin' awzi'nda qali'p

ketti. Bo'dene pi'ri'ldap ushti' da ketti. Sol boyi' bulardi'n' dosli'g'i' da tamam boldi'.

## WO'GIZ, TEKE HA'M QORAZ

Yerte a'yyem zamanda bir wo'giz, teke ha'm qoraz u'shewi joldas boli'p tog'ayg'a bari'pti'. Jolda wo'lip qalg'an u'sh an'ni'n' kewip qalg'an u'sh terisin wo'gizge arqalati'p kete beripti. Tog'aydi' aralap ju'rip kiyati'rsa, aldi'nan bir bu'ktin' asti'nan uya gezlesedi. Uyani'n' awzi' a'dewir tar yeken. Sonli'qtan uyag'a qoraz benen teke kirip ketedi de, wo'giz uyani'n' awzi'na si'ymay maydanda qali'p qoyadi'.

Qoraz benen teke uyag'a kirip kelse, jolbari's, qasqi'r ha'm tu'lki u'shewi woti'r yeken. Wolar qoraz benen teke kirip keliwden-aq wo'gizdin' maydanda qalg'anli'g'i'n bilip, jolbari's:

— U'sh tu'rli jemit wo'z ayag'i'nan ju'rip jetip keldi, — dep ma's boladi'.

Buni' yesitken qoraz:

— Bizler tog'ayg'a kirgende tog'ayto're bizlerden alti' terige pul ali'p yedi, u'sh terisin joldan tapqan yedik, u'sh terisi usi' jerde yeken, — depti.

Sonnan keyin tu'lki hawli'g'i'p maydang'a shi'qsa, uyani'n' awzi'ndag'i' wo'gizdi ha'm u'sh terini ko'redi. «Bulardi'n' aytqani' duri's yeken» dep, qayti'p uyag'a kirmey-aq qashi'p wo'te shi'g'adi'.

Qasqi'r da uyadan shi'g'i'p qarasa, u'sh terisi qasi'nda, uyani'n' awzi'nda wo'giz jati'r yeken. Bul da «Bulardi'n' so'zi haqi'yqat yeken» dep qashi'w menen boladi'.

Yen' keyninde jolbari's shi'g'i'pti'. Wol da wo'gizdi ha'm terilerdi ko'rip boli'p, qarasi'n bati'radi'. Solay yetip, qoraz benen teke uyadan shi'g'i'p wo'gizge woylasadi':

— Wolar ketiwin ketti, men bilsem, wolar ko'p boli'p kelejaq. Yendi wolardan qorg'ani'wi'mi'z kerek, — depti.

Wo'giz, teke ha'm qoraz u'shewi qashi'p panalaytug'i'n jer izleydi, biraq heshbir pana jer taba almaydi'. Soni'n' arasi'nda



qoraz ag'ashti'n' basi'na shi'g'adi'. Ag'ashti'n' basi'na shi'g'i'p qarasa, jolbari'slardi'n' ko'p boli'p kiyati'rg'anli'g'i'n ko'redi. Qoraz da'rriw jerdegi teke menen wo'gizge terektin' basi'na miniw kerekligin ayti'p baqi'radi'.

Teke de da'rhal ag'ashti'n' basi'na wo'rmelep shi'g'i'p ketedi. Wo'giz ne qi'lari'n bilmeydi. Yen' aqi'ri'nda bul da ko'p qi'yi'nshi'li'qlar menen daraqti'n' bir kese wo'sken shaqasi'na shi'g'i'p aladi'.

Al, jolbari'slar bolsa bulardi'n' izin quwi'p kele beredi. Wolardi'n' mingen ag'ashi'ni'n' qasi'na kelgen jerde izdi jog'altadi'. Qay jaqqa ketkenin bile almay hayranlar boladi'. Wo'z ara woylasadi', so'ytip hayran boli'p woylasi'p turg'anda, tu'lki turi'p:

— Men shalqama jati'p qarayman, — dep shalqasi'na jati'p qarasa, qalti'rap zordan turg'an wo'gizdi ko'redi:

— A'ne, ko'rdim, — degenshe bolmay-aq, qalti'rap zordan turg'an wo'giz tu'lkinin' u'stine qulap tu'sedi. Sonda qoraz turi'p tekege:

— Man'layi' qara, sen tu'lkini uslama, jolbari'sti' usla, — dep qatti' baqi'ri'pti'.

Buni' ko'rip turg'an jolbari'slar aldi' arti'na qaramay ti'm-ti'raqay boli'p qashadi'.

Sol-sol yeken, qoraz, teke ha'm wo'giz u'shewi qa'wip-qa'terden quti'li'p, janlari' aman qali'pti'.

## SHI'MSHI'Q TU'LKINI QALAY JEN'DI?

Bir bar yeken, bir joq yeken. Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir tu'lki bolg'an yeken. Wol bir ku'ni tog'ayda shi'mshi'qti' ko'rip qali'pti' ha'm wog'an bildirmesten shaynamay juti'p jiberipti. Sonda tu'lkinin' ishinen saza kelipti:

— Ha'y tu'lki, meni juti'p jibergenin' ushi'n yele pushayman jeysen'!

Tu'lki u'ndemepti.

Bir ku'ni tu'lki tawi'q urlawg'a barati'rg'anda tu'lkinin' ishinen shi'mshi'q shu'ykildep baqi'ra baslapti':

— Ha’y adamlar, adamlar! Tu’lki kiyati’r, abaylan’lar!

Bul dawi’sti’ awi’ldi’n’ iytleri yesitip, tu’lkinin’ izinen quwi’p jo’nepti. Tu’lki qansha juwi’rg’ani’ menen de sharshap boldi’ri’pti’. Birden ayag’i’ bir tomarg’a su’rnigip wommaqazan ati’p ji’g’i’li’pti’. Al, iytler tarpa bas sali’pti’. Ha’p zamatta tu’lkini yekige ayi’ri’pti’. Bir waqi’tta tu’lkinin’ qarni’nda ku’ni menen qi’si’li’p ati’rg’an shi’mshi’q «pi’rr» yetip ushi’p ketipti.

## ARI’SLAN HA’M TU’LKI

Ku’nlerdin’ birinde tog’ay patshasi’ bolg’an Ari’slan an’g’a shi’g’i’pti’. Ari’slan ja’n-jag’i’na alan’lap kiyati’rsa, tumsi’g’i’ni’n’ tu’bine kelip qalg’an Qoyandi’ Tu’lki shaqqanli’q penen tuti’p ali’pti’. So’ytip, Tu’lki Qoyandi’ ha’z yetip jep ali’pti’. Buni’ baqlap turg’an Ari’slan qatti’ ashi’wlani’p, Tu’lkini aldi’na shaqi’ri’p:

— Menin’ aldi’ma kelgen woljani’ jewge senin’ qanday haqi’n’ bar? — dep baqi’ri’pti’.

Sonda Tu’lki:

— Hu’rmetli shahi’m! Bul Qoyan kesellikke shali’ng’an yeken. Sizge zi’yani’ tiymesin, dep wo’zim jewge ma’jbu’r boldi’m. Ha’zir men awi’ri’p zorg’a turman, — dep aldapti’.

Ari’slan bolsa Tu’lkinin’ ga’pine isenip, woni’n’ sadi’qli’g’i’na quwani’pti’. Biraq, Tu’lkige si’r bermey:

— Yekinshi bunday qi’lma, — depti Ari’slan ho’ktem dawi’s penen.

Aradan waqi’t wo’tip, Ari’slan menen Tu’lki ja’ne an’da duslasi’p qali’pti’. Tu’lki tapqan woljasi’n tek wo’zi jewge a’detlengen yeken. Bul sapari’ da Tu’lki Ari’slanni’n’ go’zlep woti’rg’an qi’rg’awi’li’n da’rhal uslap ali’p, jep qoyi’pti’. Tu’lki bul ret te «Ari’slandi’ qa’ytip aldasam yeken?» dep woylani’p turg’anda tog’ayda an’shi’ni’ ko’rip qali’pti’. Tu’lki hiylekerlik penen an’shi’ni’n’ wog’i’na wo’zin tuwri’lapti’. Woq dawi’si’n yesitken Ari’slan:

— Biyshara Tu'lki-ay! Meni qutqaraman dep wo'zin woqqa tutti'-aw! Yeger tiri qalg'an bolsa, a'lbette, woni' si'yli'qlayman! — depti.

Al, Tu'lki bolsa, Ari'slandi' baplap aldag'ani'na ma's boli'p:

— Keyingi an'da ko'riskenshe! — dep wo'z joli'na tu'sipti.

## QOY HA'M PI'SHI'Q

Bir ku'ni iyt qatti' awi'ri'p qali'pti'. Woni'n' awhali'n sorawg'a barli'q haywanlar kelipti. Biraq, wolardi'n' arasi'nda pi'shi'q ko'rinbepti. Iyt pi'shi'qti'n' qayda ketkenligin sorapti'. Sonda qoy pi'shi'qti' jamanlapti'. Ashi'wi' kelgen iyt qoyg'a pi'shi'qti' shaqi'ri'wi'n buyi'ri'pti'. Pi'shi'q kelgende iyt wonnan qayda ju'rgenligin sorapti'. Sonda pi'shi'q:

— Wo, qa'dirdan dosti'm, men sag'an awi'ri'wi'n'ni'n' yemin izlep ju'r yedim, — depti.

— Xosh, yemi qanday yeken? — depti iyt.

— Yeger sen qoydi'n' artqi' ayag'i'n jesen', sappa-saw bolasan', — dep pi'shi'q wo'zinshe mardi'yi'pti'.

Bug'an isengen iyt pi'shi'qti' ali'p kelgen qoydi'n' ayag'i'n tislep juli'p ali'pti'. Bul halattan ra'ha'tlengen pi'shi'q qoyg'a qarap mardi'yi'p:

— Meni jamanlag'ani'n' ushi'n bul sag'an jaza! — depti.

Sonda iyt bul yekewinin' islegen ha'reketinen qatti' qa'ha'rlenipti de wolar menen qayti'p dos bolmapti'.

## SUM YESHEK

Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir adam haywanlar patshasi'na bari'p:

— Mag'an haywanlar tilin u'yret! — dep wo'tinish yetipti.

Haywanlar patshasi' wol adamg'a haywanlardi'n' tilin u'yretipti. Wol adam yeki wo'gizdi qosqa qosi'pti'. Keshte yeki wo'gizdi, bir yeshekti bir qorag'a baylapti'. Yeki wo'giz so'ylesipti. Adam buni' an'li'p turi'pti'. Birinshi wo'giz yekinshi wo'gizge:





— Jora, sen qalaysan', men ju'da' sharshadi'm, — depti.
Sonda yekinshi wo'giz:
— Hey jora, nesin soraysan', sharshag'anda wo'leyin dep turman, — depti qi'ynali'p.
Sonda yeshek turi'p:
— Men bir aqi'l aytayi'n, wo'giz jora, — depti.
— Ayt, jora! — deydi wo'giz.
— Sen bu'gin wot-sho'bin'di jeme, sonda seni xojeyin «he, biyshara bu'gin awi'rg'an yeken» dep qostan azat yeter, — depti yeshek.
Sol ku'ni wo'gizdin' birewi wot-sho'p jemepti. Adam buni' ko'rip, azanda bir wo'gizdin' jani'na yeshekti qosi'pti'. Yeshek ju'da' sharshap qali'pti'. Keshte yeshek wo'gizge kelip:
— Ha', bu'gin bir so'z yesittim, sen bu'gin woti'n'di' jemesen', soyajaq qusaydi', — depti.
Sonnan wo'giz wot-sho'p jey baslapti'. So'ytip, sum yeshek miynetten quti'li'pti'.

## SUMLI'QLI' SHAG'AL

Bir ku'ni qasqi'r joldaketip barati'rsa, aldi'nan bir shonti'q shag'al shi'g'i'p, qasqi'rg'a «yekewimiz jora bolayi'q» depti. Qasqi'r «bolsaq bolayi'q» depti.
So'ytip, yekewi ketip barati'ri'p, jolda qasqi'r shag'alg'a:
— Jora, senin' ne ka'rin' bar? — depti.
Shag'al wog'an:
— Men posti'n tigemen, — depti.
Sonda qasqi'r:
— Wolay bolsa, mag'an jaqsi'lap bir posti'n tigip ber. Neshe teriden boladi'? — depti.
Shag'al woylani'p turi'p:
— Won yeki teriden boladi', — depti.
Bunnan keyin qasqi'r a'weli bes qoydi' a'kelip:
— Bunnan posti'n shi'g'a ma? — depti.

— Jaq, — depti shag'al.

Qasqi'r alti'nshi' qoydi' a'kelipti ha'm:

— Posti'n pitti me? — depti.

— Jaq, — depti shag'al.

Qasqi'r jetinshi qoydi' da a'kelip:

— Posti'n pitti me? — dep sorapti'.

Sol waqi'tta shag'al qasqi'rg'a:

— Sen yendi yekinshi ret yesikten qarama, qarasan', posti'n buzi'ladi', — dep, ja'ne qoy a'keliwge jiberedi.

Qasqi'r tog'i'zi'nshi' qoydi' a'kelip:

— Posti'n pitti me? — depti.

— Jaq, — depti shag'al.

Qasqi'r woni'nshi' qoydi' da a'kelip, ja'ne sorapti'.

— Yerten' kele g'oy,— dep juwap beripti shag'al.

So'ytip, sumli'qli' shag'al won qoydi' da jep boli'p, tog'ayg'a baradi'. Tog'aydan qi'ri'q shag'aldi' ji'ynap, ha'mmesinin' de quyri'qlari'n kesip, wo'zi de solar menen aralasi'p ju're beredi.

Qasqi'r yerten'ine posti'ni'n alayi'n dep shag'alg'a kelse, shag'al joq. Qasqi'r tog'ayg'a izlep barsa, shag'allardi'n' ha'mmesinin' quyri'qlari' shonti'q. So'ytip, qasqi'r bayag'i' won qoyi'n jegen shonti'q sumli'qli' shag'ali'n taba almay, pa'nt jep qayti'pti'.

## ALTI'N SHAQLI' KIYIK

Bayag'i' wo'tken zamanda bir kempir boli'pti'. Woni'n' perzent degennen jalg'i'z uli', mal degennen wonlag'an yeshkisi bar yeken. Kempirdin' balasi' ku'nde jaylawg'a ketip yeshkilerin bag'adi' yeken.

Bir ku'ni bala yeshkilerin bag'i'p ju'rip, bir top kiyikti ko'redi. Kiyiklerdin' arasi'nda bir alti'n mu'yizli kiyik te bar yeken. Bala keshte u'yine kelip:

— Men dalada jayi'li'p ju'rgen bir top kiyikti ko'rdim. Kiyiklerdin' ishinde alti'n mu'yizli shubar kiyik te bar yeken. Usi' kiyikti uslap, xang'a si'y yetsem, xan mag'an si'y berer me yeken? — depti.



RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
INV № 83104



— Balam. sen sol kiyikti uslay alsan', xang'a si'yg'a apara g'oy. Xan senin' alti'n mu'yizli kiyik aparg'ani'n' ushi'n si'y berer,— deydi.

Bala yeshkisin bag'i'wg'a ketedi. Bag'i'p ju'rse, alti'n mu'yizli kiyik ja'ne kelipti. Wol ko'p qi'yi'nshi'li'q penen kiyikti uslap aladi'. Uslag'an kiyigin xang'a ali'p barati'ri'p, jolda xanni'n' wa'zirine dus keledi. Wol balag'a:

— Kiyikti mag'an ber, — depti.

— Men kiyikti xang'a atap ali'p kiyati'rman, — dep woni' bermepti.

Bala kiyikti xang'a ali'p baradi'. Xan kewli toli'p, wa'zirin shaqi'ri'p ali'p:

— Qane, balag'a qanday si'yli'q beremiz? — deydi.

Sonda wa'ziri:

— Bunday kiyiktin' wo'zine mu'na'sip, bir jag'i' alti'n suwi'na, yekinshi jag'i' gu'mis suwi'na mali'ng'an taxti' boladi'. Bala usi'ni' tawi'p kelse, wol sawg'ag'a mu'na'sip boladi',— depti.

— Wonday bolsa, sen usi' na'rseni tawi'p kelesen', taba almasan', basi'n'di' alaman, — depti xan balag'a.

Buni' yesitken bala ji'lap anasi'na keledi.

— Balam, qapa bolma! Bir ilaji' tabi'lar, — depti de, wo'zi balasi'ni'n' aytqan zati'ni'n' da'regin, izlep qalag'a ketipti.

Wol qalag'a kelip, barli'q wo'nermentlerden bir jag'i' alti'n, yekinshi jag'i' gu'mis taxtti' qayaqtan tabi'w mu'mkinligin sorasti'ra baslapti'. Aqi'ri' bir g'arri' usta wog'an:

— Bunday usta Mi'si'r sha'ha'rinde jasaydi'. Balan'ni'n' qoli'na mi'n' tilla berip, sol sha'ha'rge jibersen', usta mu'ta'jin'di pitkerip jiberedi,— depti.

Hayal u'yine qayti'p kelip, balasi'na mi'n' tilla tawi'p berip, woni' Mi'si'r sha'ha'rine jiberedi. Bala bir ka'rwang'a qosi'li'p, uzaq jol ju'rip,aqi'ri' Mi'si'r sha'ha'rine jetip keledi. Wol ustani' ko'p qi'yi'nshi'li'qlar menen tawi'p aladi' ha'm wog'an kelgen jumi'si'n aytadi':

— Mi'n' tilla bersen', taxtti' islep beremen,— deydi usta.

Usta u'sh ku'nnen keyin taxtti' tayar yetedi. Bala taxtti' ali'p, ja'ne uzaq jol ju'rip jurti'na keledi. Xan balani'n' tapsi'rmani' wori'nlag'ani'na qanaatlani'p, ja'ne wa'zirin shaqi'ri'p:

— Yendi bul balani' si'yli'qlasaq bola ma? — depti.

— Bul kiyikke *mu'na'sip ja'ne bir na'rse bar, bul — alti'n* japi'raqli' terek. Bala usi'ni' ali'p kelip, ha'wlin'izge wornatsa, ba'ri kewildegidey bolar yedi, — depti.

— Wonda, sen sol terekti tawi'p kel, — depti patsha.

Bala yendi alti'n japi'raqli' terekti izlep ketedi. Wol birneshe ku'n jol ju'rip, jolda bir g'arri'g'a gezlesedi. Bala jol bolsi'n sorag'an g'arri'g'a basi'nan wo'tkennin' ba'rin ayti'p beredi. Sonda g'arri' wog'an:

— Usi' barati'rg'an joli'n' menen ju're ber. Aldi'n'nan bir biyik taw shi'g'adi'. Aldi'n'nan shi'qqan qoyanni'n' izinen bari'p, wol kirgen u'n'girge kir. U'n'girde sagan qi'ri'q qaraqshi' dus boladi'. Wo'zin'di wolarg'a, xi'zmetke kelgen aspazban, dep tani'sti'r. Qaraqshi'lar isine ketkennen keyin, wolarg'a awqat tayarlap, ishine u'n'girdegi sandi'qtag'i' za'ha'rden qos. Qaraqshi'lardi'n' ba'ri wo'lgennen keyin wolar qarawi'llap woti'rg'an alti'n japi'raqli' terekke iye bolasan', — depti.

Bala g'arri'ni'n' siltegen u'n'girine kelip, qaraqshi'larg'a wo'zin «aspazban» dep tani'sti'ri'pti'. Wolar balag'a awqat tayarlawdi' buyi'ri'p, wo'zleri ku'ndelikli talabi'na ketipti. Wol awqatti' pisirip, ishine g'arri'ni'n' aytqani'nday yetip, za'ha'r sali'pti'. Qaraqshi'lar qayti'p kelip, awqattan jep, *ba'ri til tartpay* jan tapsi'ri'pti'. Bala alti'n japi'raqli' terekti ali'p wo'z ma'kani'na qaray jol tarti'pti'.

Wol yeline kelip, alti'n japi'raqli' terekti patshag'a ali'p bari'pti'. Patsha balag'a qarap:

— Sen ju'da' da'wju'rek jigit yekensen'! Menin' barli'q si'naqlari'mnan wo'ttin'. Men ko'p waqi'tlardan berli wo'zimnin' ishi tar wa'zirimnin' worni'na mu'na'sip adam izlep ju'r yedim. Bu'ginnen baslap menin' bas wa'zirim bolasan'. Menin' sag'an atag'an si'yi'm usi' yedi, — depti.

Usi'lay yetip, bala xang'a bas wa'zir boli'p, anasi'n qasi'na aldi'ri'p, baxi'tli' wo'mir su'ripti.

# AQI'LLI' BALA

Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir kempir ha'm woni'n' jalg'i'z balasi' bolg'an yeken. Bala ha'r ku'ni mektepke ketip barati'ri'p, da'ryani'n' ko'pirinen wo'tedi yeken. Sol da'ryadag'i' bir u'lken i'laqa bali'q balani'n' wo'tetug'i'n waqti'n ku'tedi yeken.

Sebebi, bala wog'an ku'nde bir bo'lek nan taslap ketedi yeken.

Aradan ji'llar wo'tip, bala won alti' jasqa shi'g'i'p, anasi'n bag'i'w ushi'n jumi's izlep qalag'a kelipti. Bala qalag'a kelip, «Bir ku'nlik is bar! Miynet haqi'na qi'ri'q ku'n bag'i'p ja'ne mi'n' som aqsha beremen», — dep jar uri'p ju'rgen adamdi' ushi'rati'pti'. Woni'n' bul ga'pin yesitken bala hayran boli'p: «Tek bir ku'n jumi's islep, qi'ri'q ku'n qarni'm toq bolsa, woni'n' u'stine mi'n' som aqsha alsam, shep bolmaspan» dep ta'wekel yetip, jan'ag'i' adamni'n' aldi'na bari'p, woni'n' xi'zmetine tayi'n yekenin ayti'pti'.

Biytani's kisi balani' u'yine yertip a'ketip, wo'zi wa'de yetkenindey qi'ri'q ku'n bag'adi'. Qi'ri'q birinshi ku'ni balag'a bir semiz wo'gizdi jeteletip, jolg'a tu'sedi. Wolar bir ku'n jol ju'rip biyik tawdi'n' yetegine toqtapti'. Balani' yertip kiyati'rg'an adam wog'an wo'gizdi soyi'wdi' buyi'ri'pti'. Bala wo'gizdi soyi'p, go'shin, terisin wo'z aldi'na ayi'ri'pti'.

Bir waqi'tta jan'ag'i' adam balag'a:

— Mi'na terinin' arasi'na kir! — depti.

Bala terinin' arasi'na kiripti. Woni' yertip kelgen adam terini teben iyne menen tigip shi'g'i'pti'. Tap sol waqi'tta hawadan u'lken bir bu'rkit kelip, terini ishindegi bala menen qosi'p ko'terip ushi'p, tawdi'n' basi'na qoni'pti'. Qus terini wo'tkir pa'njesi menen ji'rtqan waqi'tta, bala terinin' arasi'nan da'rriw ji'ri'li'p shi'g'i'pti'. Bu'rkit balani'n' tiri yekenin ko'rip, qayti'p ushi'p ketipti.

Bala wo'zine kelip a'tirapi'na qarasa, do'gereginde alti'n taslar menen wo'lgen adamlardi'n' su'yekleri jayrap jati'rg'an yeken. Tawdi'n' to'besinen to'menge qarasa, woni' yertip kelgen adam:



— Balam, sol a'tiraptag'i' alti'nlardi' to'menge taslay ber! Keyin, men seni to'menge tu'sirip alaman,— dep baqi'ri'pti'.

Wol jan aybat penen do'geregindegi alti'nlardi' ji'ynap, to'menge i'laqti'ra baslapti'. To'mende turg'an adam wolardi' qaltag'a ji'ynay baslapti'.

Qalta tolg'annan keyin jan'ag'i' adam alti'n toli' qaltani' arqalap, balani' tawdi'n' basi'nda qaldi'ri'p ketip barati'rg'an qusaydi'. Sonda bala woni'n' izinen:

— Haw ata, meni to'menge tu'sirip almaysan' ba? — dep woni'n' izinen baqi'ri'pti'.

— Sen de yendi anaw jatqan wo'lilerdin' birisen',— depti wol balag'a.

Qorqi'p ketken bala jani' ko'zine ko'rinip, arman-berman juwi'ri'p, tawdan tu'setug'i'n joldi' izlepti. Tawdan tu'setug'i'n joldi' tappay, aqi'ri': «Ba'ribir wo'lemen g'oy» dep wo'zin to'mende ag'i'p turg'an da'ryag'a taslapti'. Wol da'rya suwi'n juti'p, manti'g'i'p barati'rsa, woni' bayag'i' wo'zi nan berip baqqan i'laqa bali'q ko'rip, arqasi'na mindirip qurg'aqqa ali'p shi'g'i'pti'. Bir wo'limnen qalg'an bala aman-yesen u'yine, anasi'ni'n' qasi'na qayti'p kelipti.

Aradan birneshe ji'llar wo'tkennen keyin, bir ku'ni bala bazar aralap ju'rip, bayagi' buni' tawdi'n' basi'nda qaldi'rg'an adamdi' ushi'rati'pti'. Wol ja'ne: Bir ku'nlik is bar! Miynet haqi'na qi'ri'q ku'n bag'i'p ja'ne mi'n' som aqsha beremen» dep qalag'a jar sali'p ju'r yeken. Bala woni'n' qasi'na bari'p sa'lemlesken yeken kisi woni' tani'mapti'. Sonda bala wog'an:

Sizin' bir ku'nlik xi'zmetin'izdi islewge men baraman,— depti.

Kisi balani' izine yertip, u'yine ali'p kelipti de, woni' sarras qi'ri'q ku'n jaqsi'lap bag'i'pti'. Qi'ri'q birinshi ku'ni bayag'i'day bir wo'gizdi jeteletip jolg'a rawana boli'pti'. Bir ku'n jol ju'rgennen keyin wolar bayag'i' tawdi'n' yetegine kelipti. Bir waqi'tta jan'ag'i' adam balag'a wo'gizdi soyi'wdi' buyi'ri'pti'. Bala woni'n' aytqani'nday yetip, wo'gizdi soyi'p, go'shin terisinen ayi'ri'pti'.

— Yendi mi'na terinin' arasi'na kir! — dep buyi'ri'pti' balag'a.



Bala jan'ag'i' kisini ayag'i'nan shali'p ji'g'i'ti'p, woni' yeki bu'klep terinin' arasi'na ti'g'i'pti'. Wol a'ri-beri balag'a qarsi'lasqan menen, ku'shi jetpepti.

— Yendi meni tani'di'n' ba? Men — bayag'i' sen tawdi'n' basi'nda qaldi'rg'an balaman. Sen ha'zir tawdi'n' basi'ndag'i' alti'nlardi' jerge taslaysan'! Sonda g'ana senin' gu'nan'nan keshemen, — depti.

Bir waqi'tta tawdan bayag'i' bu'rkit ushi'p kelip, terini ishindegi kisi menen qosa tawdi'n' to'besine ali'p ketipti. Jan'ag'i' adam balani'n' aytqani'nday yetip, joqari'dag'i' alti'nlardi' to'menge i'laqti'ra baslapti'. Bala di'm u'ndemesten alti'nlardi' qaltag'a ji'ynap,ketip barati'rsa, jan'ag'i' adam:

— Haw! Meni jerge tu'sirip almaysan' ba? — dep woni'n' izinen baqi'ri'pti'.

— Sen de yendi anaw wo'lilerdin' birisen', — depti bala.

Solay yetip, wol bayag'i' adamnan wo'shin ali'p, bir qalta alti'nlardi' arqalap u'yine rawana boli'pti'.